

**KONFLIK BATIN PARAGA SAJRONE NOVEL MENDHUNG
ANGGITANE YES ISMIE SURYAATMADJA
TINTINGAN PSIKOLOGI SASTRA**

Rika Ratna Sari , Latif Nur Hasan, S.pd, M.pd
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
email : kanari4991@gmail.com

Abstrak

Novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja yaiku karya sastra kang nyritakake ngenani kahanan bale somah para paragane kang padha-padha tumindak slingkuh. Saka tumindake paraga kang slenca iki njalari tuwuh konflik batin lan pangaribawa psikologis kang dialami dening paragane. Bale wisma kang ora harmonis iki disebabake karana para paragane padha nggugu nafsune lan kekarepane dhewe-dhewe. Iki merga anane tingkatan kapribaden kang diandharke dening Sigmund Freud sing mangaribawani wilayah pamikire manungsa. Tingkatan kapribaden kasebut kaperang dadi telu ing antarane (1) *Id* yaiku naluri utawa pepenginan kang tuwuh saka jroning ati, (2) *ego* yaiku perwujudan saka *id*, banjur sing nomer (3) *superego* yaiku prinsip kapribaden kang ngandhut aspek-aspek moral saka kapribaden saengga bisa ngendhalekake samubarang ala lan becik.

Lelandhesan panliten kasebut dadi dhasar anane underaning panliten iki yaiku Kpriye struktur kapribadene paraga, kepriye konflik batin paraga sajrone tumindak slingkuh, kepriye gegambaran wewatekane paraga, lan apa wae pangaribawa kajiwan saka tumindak slingkuh marang sakupenge sajrone novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja Adhedhasar underan panliten kasebut, mula ancas saka panliten iki, yaiku : (1) Ngandharake struktur kapribadene paraga sajrone novel *Mendhung* anggitane yes Ismie Suryaatmadja. (2) Ngandharake konflik batin paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane yes Ismie Suryaatmadja. (3) Ngandharake gegambaran wewatekane paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane yes Ismie Suryaatmadja. (4) Ngandharake pangaribawa kajiwan saka tumindak slingkuh tumrap kahanan ing sakupenge.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kuwalitatif, amarga dhata kang diteliti sajrone panliten iki wujud tetembungan lan ukara, banjur diteliti kanthi cara faktual. Panliten iki uga nggunakake teori psikologi kapribaden Sigmund Freud amarga tumindak kang dialami dening paraga nuwuhake konflik-konflik kang gegayutan karo kajiwan sarta masalah psikis . Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku karya sastra awujud novel anggitane Yes Ismie Suryaatmadja kang cacah ana 104 kaca. Tata cara kang dicakake kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku kanthi metodhe dhokumentasi. Panglumpuke dhata kanthi cara nulis kedadeyan apa wae kang bisa didadekake bukti wujud konflik batin saka telung paraga kang onjo lan padha sesambungan yaiku Carik Jasmin, Warsinah, lan Rani sajrone novel *Mendhung* iki. Sarta maneka dhata-dhata ngenani teori kang dadi lelandhesan panliten iki kang kalompok saka maneka sumber kang ana.

Asil saka panliten mujudake yen crita saka novel *Mendhung* bisa dadi patuladhan tur kaca benggala tumrapping pamaca. Tumindak slenca yaiku slingkuh kang dumadi ing sawijining kulawarga bisa nyebabake tuwuh maneka konflik kang disandhang mligine konflik batin, sarta saka tumindake kasebut uga nyebabake pangaribawa kajiwan tumrap anak-anake. Tumindak kang ora becik kaya kasebut bisa njalari paraga kang nindakake ngalami owah-owahan problem kajiwan merga konflik batin kang dialami mangaribawani tumindake ing bebrayan. Novel *Mendhung* migunani tumrap pamaca minangka sarana panglipur, minangka piwulang, sarta bisa kanggo patuladhan supaya bisa tumindak becik ing bebrayan kasunyatan.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Karya sastra minangka asil saka reriptane manungsa, saengga karya sastra iku dhewe tanpa ana daya pangaribawane manungsa kang ngripta ora bakal tuwuh karya sastra. Sastra lan psikologis padha-padha

ngrembug ngenani manungsa (Endraswara, 2008:97). Psikologi sastra umume ngrembug kahanan kajiwane manungsa kang asipat imajinatif Karya sastra uga nduweni daya pangaribawa tumrap bebrayan utawa masyarakat panyengkuyunge. Sajrone karya sastra mligine sing awujud novel ana bab kang nyritakake panguripan paraga siji lan sijine, kanthi tembung liya yaiku nyritakake kahanan sosiale paraga lan masalah

kajiwane paraga.

Miturut Nurgiyantoro (2010:165-166) paraga yaiku nuduhake pawongan kang nglakoni crita, senajan paraga iku mung reriptane pengarang, nanging sawijine paraga kudu nggambarake sawijine panguripan ing bebrayan kaya kahanan ing kasunyatan. Karana sejatine masyarakat utawa bebrayan lan paraga kang ana sajrone karya fiksi iku mujudake masyarakat imajinatif adhedhasar kahanan kasunyatan ing sakupenge pangripta. (Wellek Werren, 2014:82) nduweni pamanggih menawa saben karya sastra kang diciptakake dening pangripta iku nduweni sesambungan emosi lan kajiwane kang dialami dening pangripta dhewe. Dadi kanthi tembung liya kedadeyan lan perkara kang kasuntek sajrone crita banjur njalari para paragane ngalami problem kajiwane lan masalah-masalah psikologis iku minangka asil saka ekspresi kang uga dirasakake dening pangripta.

Novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja ing kene isine ngrembug ngenani tumindak slingkuh paragane yaiku Jasmin, Warsinah lan Rani. Ing novel iki kacritakake perkara slingkuh sing dilakoni dening Jasmin lan Warsinah. Paraga loro iki minangka sabojone ananging kalorone padha-padha tumindak slingkuh. Rani wanita slingkuhane si carik sing nduweni sipat alus nanging Warsinah paraga wanita sing dadi bojone carik sing nduweni sipat brangasan. Perkara iki sing nyebabake tuwuhe konflik sajrone novel kang disandhang dening para paraga-paraga sing padha sesambungan banjur njalari tuwuhe perkara tekanan batin. Adhedhasar andharan kasebut panliten iki bakal dionceki nggunakake kajian psikologi sastra mligine teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Panliten iki nggunakake tintingan psikoanalisis Sigmund Freud merga sajrone novel *Mendhung* luwih akeh nggambarake kahanan kajiwane paragane sarta konflik batin kang dialami sajrone tumindak slingkuh. Tindak tanduk lan solah bawa paraga wanita loro ing kene yaiku Warsinah lan Rani nduweni suwalikan. Lan paraga loro iki padha-padha nduweni sesambungan katresnan karo paraga utama priya yaiku Carik Jasmin.

Psikoanalisis yaiku sawijining teori psikologi kang diandharake dening ilmuwan sastra Sigmund Freud. Freud (sajrone Minderop,2013:20) ngandharake menawa struktur kapribadene manungsa kaperang dadi telu yaiku ana *id, ego lan superego*. Telung unsur kapribadene manungsa kasebut bisa lumaku bebarengan lan salaras saengga bisa nuwuhake problem kajiwane lan tumindak slenca sing dadi cikal bakal tuwuhe konflik sajrone crita. Mula panliten iki bakal ngonceki novel *Mendhung* kanthi luwih jeru ngenani

struktur kapribadene, kang dialami dening para paragane.

Underane Panliten

- 1) Kpriye struktur kapribadene paraga sajrone novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja?
- 2) Kepriye konflik batin kang dialami paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja?
- 3) Kepriye gegambaran wewatekane paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja?
- 4) Apa wae pangaribawa kajiwane saka tumindak slingkuh paraga marang sakupenge?

Ancase Panliten

- 1) Ngandharake struktur kapribadene paraga sajrone novel *Mendhung* anggitane yes Ismie Suryaatmadja.
- 2) Ngandharake konflik batin kang dialami paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja.
- 3) Ngandharake gegambaran wewatekane paraga sajrone tumindak slingkuh ing novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja.
- 4) Ngandharake pangaribawa kajiwane saka tumindak slingkuh paraga marang sakupenge.

Paedahe Panliten

Panliten ngenani novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja ing kene saliyané migunani tumrap para pamaca, uga diajab bisa menehi paedah marang jagading kasusastran Jawa. Saengga para pamaca mligine mahasiswa jurusan *Pendidikan Bahasa dan sastra Daerah* bisa ndadekake panliten iki minangka sumber ing panliten sabanjuri supaya bisa luwih becik. Anane panliten iki muga bisa dadi kaca pangilon tumrap kahanan ing bebrayan supaya anggone mangun bale wisma tansah harmonis tur ora njalari konflik kang bisa nyebabake bubrah. Muga para pamaca uga bisa ndadekake gegambaran tumindake paraga kang ora becik minangka kaca benggala supaya bisa dadi manungsa kang luwih becik ing panguripan kasunyatan ing bebrayan.

Panjentrehing Tembung

1) Novel

Nurgiyantoro (2009:10) nduweni pamawas novel yaiku karya sastra prosa fiksi kang critane dawa nanging ora kebacun cekak. Novel yaiku sawijine crita kang gegayutan kalawan kedadeyan nyata, utawa fiksional kang dibayangake dening pangripta lumantar pengamatane ing kahanan kasunyatan.

2) Konflik Batin

Hardjana (1998:23) ngandharake yen konflik batin muncul nalika sesambungan antarane wong loro utawa luwih lan nuwuhake tumindak kang menceng kalawan tumindak liyane. Sajrone karya sastra konflik nduweni teges yaiku kategangan utawa pertentangan kang ana sajrone crita fiksi ing ngendi dialame dening paragane. Freud (sajrone Kusumawati, 2003: 33) ngandharake yen faktor-faktor kang nduweni pangaribawa sing kuat sajrone maneka gangguan batin yaiku teori kapribaden, teori kelangan, teori agresi lan teori tumindak.

3) Psikologi Sastra

Psikologi sastra umume ngrembug kahanan kajiwane manungsa kang asipat imajinatif Karya sastra uga nduweni daya pangaribawa tumrap bebrayan utawa masyarakat panyengkuyunge. Sajrone karya sastra mligine sing awujud novel ana bab kang nyritakake panguripan paraga siji lan sijine, kanthi tembung liya yaiku nyritakake kahanan sosiale paraga lan masalah kajiwane paraga. Psikoanalisis yaiku sawijining teori psikologi kang diandharake dening ilmuwan sastra Sigmund Freud. Freud (sajrone Minderop,2013:20) ngandharake menawa struktur kapribadene manungsa kaperang dadi telu yaiku ana *id, ego lan superego*. Telung unsur kapribadene manungsa kasebut bisa lumaku bebarengan lan salaras saengga bisa nuwuhake problem kajiwan lan tumindak slenca sing dadi cikal bakal tuwuhe konflik sajrone crita. Mula panliten iki bakal ngonceki novel *Mendhung* kanthi luwih jeru ngenani struktur kapribaden, kang dialami dening para paragane.

Novel

Novel mujudake sastra kotemporer utawa sastra modern kang nuwuhake kedadeyan-kedadeyan *aktual* sing dumadi ing padinan. Crita-crita kasebut rumaket banget karo kahanan masyarakat utawa bebrayan *kotemporer* (Ratna, 2007:274). Karana crita sajrone novel ora uwal saka tangan lan pamikire pangripta mula konflik-konflik lan kedadeyan kang dialami dening paraga-paraga sajrone crita kasebut minangka enspresi dhiri kang dituduhake dening pangripta. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan liyane mesthi nuwuhake maneka kedadeyan.

Kadhang kala bab kasebut mujudake kedadeyan kang nyenengake nanging uga ora sethithik kang nuwuhake kedadeyan sing ora nyenengake lan bisa njalari tuwuhe problem kajiwan kang dialami dening paragane. Paraga kang nandang problem kajiwan lan malasah psikologis kang mencolok iki bisa dadi tuladha menawa gegambaran kasebut nate dialami utawa ana ing sakupenge pangripta. Iki bisa diarani *ikatan batin* antara paraga lan pangripta ora bisa pedhot. Maca karya

sastra ateges bisa dadi kaca pangilon lan bisa *ngidentifikasi* awake dhewe tumrap kedadeyan kang ana sajrone karya sastra.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen sajrone karya sastra iku nyritakake sawijine panguripan kang nyata lan ora bisa ninggaleke interaksi sosial antarane paraga siji lan sijine. Interaksi sosial kang ana kasebut bisa nuwuhake anane pangaribawa psikologis, utamane psikologi kapribaden. Sajrone karya sastra iku ngandhut bab tingkah laku utawa tumindak kang diceritakake dening pengarang sing dilakoni dening paragane. Sastra minangka kaca pangilon tumrap sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa (Endraswara,2008:179). Karya sastra iki uga ora uwal saka kabudayan masyarakate. Sebab sastra lan budaya iku padha-padha nduweni wilayah sing padha, yaiku wilayah tumindake, nanging kanthi cara sing beda, sastra kanthi nggunakake cara imajinatif lan kreativitas pangripta minangka kemampuan emosionalitas, nanging budaya luwih nengenake akal lan pamikire manungsa minangka kemampuan intelektual (Ratna, 2007:6).

Tumindak-tumindak kang dilakoni manungsa ing jagad gumelar uga bisa dadi kaca pangilon para paraga kang ana sajrone karya sastra. Gegambaran tumindake paraga siji lan paraga liyane sing ana ing crita fiksi mujudake tumindak kang ana ing bebrayan nyata. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan liyane mesthi nuwuhake maneka kedadeyan. Saka kedadeyan kang meneka warna kuwi bisa nuwuhake konflik batin kang disandhang dening manungsane. Sajrone cerita novel uga mangkono.

Sastra lan psikologis mujudake perangan kang padha-padha ngrembug ngenani manungsa. Psikologi umume ngrembug kahanan kajiwane manungsa ing jagad panguripan kasunyatan. Nanging ing psikologi sastra ngrembug kahanan kajiwane manungsa sing asipat imajinatif utawa khayalan. Karana manungsa kang digambarake sajrone karya sastra iku minangka manungsa imajinatif utawa masyarakat khayalan saka pamikire pangripta.

Lelandhesaning Teori

Panliten iki bakal nggunakake teori psikologi sastra mligine teori psikologi kapribaden Sigmund Freud kanggu nitingi novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja. Sebab ing panliten iki bakal nlti ngenani konflik batin kang dialami dening para paragane sajrone tumindak slingkuh.

Novel *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja ing kene isine ngrembug ngenani tumindak slingkuh paragane yaiku Jasmin, Warsinah

lan Rani. Ing novel iki kacritakake perkara slingkuh sing dilakoni dening Jasmin lan Warsinah. Paraga loro iki minangka saboyo ananging kalorone padha-padha tumindak slingkuh. Rani wanita slingkuhane si carik sing nduweni sipat alus nanging Warsinah paraga wanita sing dadi bojone carik sing nduweni sipat brangasan. Perkara iki sing nyebabake tuwuhe konflik sajrone novel kang disandhang dening para paraga-paraga sing padha sesambungan banjur njalari tuwuhe perkara tekanan batin. Saliyane iku perkara slingkuh lan bubahe bale wisma antarane Jasmin lan Warsinah uga nyebabake pangaribawa kajiwan tumrap anak-anake lan kulawargane. Anak-anake kang nandang rasa sedhik lan kuwatir kang linuwih lan rasa isin kang dialami dening wong tuwane carik karana omongan saka tangga ing kahanan sakupenge.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten iki kalebu panliten kuwalitatif sajrone panliten sastra sebab, panliti minangka instrument inti kang nindakake panliten karya sastra. Panliten iki uga dilaksanakake kanthi cara dheskriptif kuwalitatif amarga dhata kang diklumpukake awujud tetembungan lan dudu angka. Sajrone panliten kanthi judhul *Konflik Batin Paraga Sajrone Tumindak Slingkuh Ing Novel Mendhung Anggitane Yes Ismie Suryaatmadja* iki nggunakake panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2006:4) ngandharake yen metodhe dheskriptif mujudake prosedur panliten kang ngasilake dhata kualitatif arupa tembung-tembung kang katulis utawa kanthi cara lisan saka masyarakat utawa bab kang gampang diteliti. Sajrone ilmu sastra, sumber dhata kang bisa dianalisis yaiku awujud reiptan sastra lan naskah. Dhata panliten minangka dhata formal awujud tetembungan, ukara lan wacana.

Metode panliten kuwalitatif yaiku metodhe sing ditindakake sajrone studi sastra lan uga dadi wigati ing panliten ilmu-ilmu sosial. Panliten kuwalitatif iki bisa nggunakake pamarekan apa wae yen pendekatan kasebut bener-bener ana ing panliten (Adi,2011:239). Panliten kualitatif nduweni tujuwan mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta sesambungan karo pengarang kang ditindingi (Nasir, 1988:63). Ing panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif amarga panliten ora nggunakake etung-etungan angka lan asile panliten awujud dheskripsi basa kang wujud tembung lan ukara. Metode panliten kuwalitatif iki manggonake panliti minangka objek kang nindakake panliten lan bisa nganalisis dhata sarta bisa nemokake permasalahanane.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku crita novel kanthi irah-irahan *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja. Novel *Mendhung* iki nggunakake basa Jawa modern saengga penak dimangerteni dening pamaca. Novel kang cacah ana 104 kaca iki diterbitake dening Pamarсуди Sastra Jawi Bojonegoro ing taun 2014. Ratna (2013:47) ngandharake yen sumber dhata panliten kuwalitatif sajrone panliten ngenani karya sastra yaiku awujud karya lan naskah. Dhata formal ana ing panliten sastra awujud tembung, frasa, ukara, lan wacana. Saliyane kaya kang diandharake kasebut sumber dhata sajrone panliten iki uga nggunakake buku-buku referensi lan sumber saka internet kang ana sesambungan karo irah-irahan ing panliten iki.

Dhata

Wahyudi (2008:2) ngandharake dhata yaiku informasi kang wis diterjemahake ing bentuk kang luwih cilik kanggo nindakake sawijine proses. Sajrone panliten iki dhata kang diklumpukake yaiku arupa tembung, frase, lan ukara saka bageyan crita novel *Mendhung* ngenani konflik batin lan pangaribawane. Dhata dijupuk lan digolongake luwih mligi lan dilebokake ing bageyan analisis ngenani struktur kapribadhen *id, ego* lan *superego*. Banjur digolongake ing perangan sabanjure ngenani konflik batin, gegambaran wewatekane paraga lan pangaribawane tumrap kahanan sakupenge. Sawise dhata kalumpuk kaya kang diandharake kasebut banjur digayutake lan dianalisis nggunakake tintingan psikologi kapribaden saka Sigmund Freud. Panliten iki bakal nlliti telung paraga kang onjo yaiku Rani, Warsinah lan Jasmin. Karana saka tumindake paraga telu iki njalari tuwuhe maneka konflik bale wisma lan nyebabake tuwuhe maneka konflik batin kang disandhang. Saka tumindake kasebut uga nyebabake pangaribawa kajiwan tumrap kahanan sakupenge mligine anak-anak lan wong tuwa saka paraga kasebut.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten mligine panliten sastra yaiku panliti dhewe. Amarga ing panliten babakan karya sastra panliti iki minangka instrument utama sajrone nindakake panliten. Panliti dadi instrument utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Mula saka iku panliti dadi instrument utama sajrone panliten kualitatif. Bab kang wigati sajrone panliten yaiku anane dhata, ing kene panliti sing nindakake panliten minangka instrument kanggo nggolek dhata saakeh-akehe. Moleong (2006:19) ngandharake manungsa minangka instrument panliten sing nduweni ketrampilan kanthi cara luwes lan bisa menehi pambiji marang kahanan sarta lan bisa ndudut pamawase dhewe. Panliten iki nggunakake manungsa minangka instrument panliten karana panliti terjun langsung

ngonceki permasalahan sing ana lan ngupaya supaya bisa nemokake dalan permasalahanane. Saliyane iku uga ana piranti liyane arupa piranti tata tulis kanggo nulis dhata sing wis diwaca lan diklumpukake.

Metodhe lan Teknik Panliten

Metode yaiku cara kang digunakake ing panliten kanggo ngonceki permasalahan utawa dhata kang ana. Metode analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif. Metodhe deskriptif yaiku nggambarake lan njlentrehake kanthi cara objektif ngenani psikologi yaiku problem kajiwane para paragane. Metodhe kasebut digunakake kanggo nganalisis dhata kang wis diklumpukake sadurunge. Dhata-dhata kasebut banjur diolah kanthi tintingan psikoanalisis. Ing anliten iki teori kang digunakake yaiku psikoanalisis Sigmund Freud, gegambarane kaya ing ngisor iki.

- 1) Analisis dhata
Analisis dhata kang ditindakake yaiku analisis dhata arupa novel kanthi irah-irahan *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja salaras karo underan panliten yaiku struktur kapribadene para paragane lan problem kajiwane para paragane kanthi disengkuyung karo teori psikoanalisis Sigmund Freud.
- 2) Deskripsi saka asil analisis
Asil saka analisis kasebut sabanjure diandharake kanthi luwih cetha tur gamblang lan uga runtut adhedhasar underan panliten lan ancasing panliten sing wis ditemtokake.
- 3) Dudutan saka asil panliten
Analisis ing pungkasan iku nuwuhake anane dudutan yaiku minangka asil akhir saka proses panliten iki. Dudutan ing kene yaiku mangerteni konflik batin para paraga kang wis dicritakake sajrone novel *Mendhung*. Sakabehe kang wis dibahas banjur bisa didudut minangka asil akhir saka panliten iki.

Tatacara Ngumpulake Dhata

Bab sing paling wigati sajrone panliten yaiku anane dhata, lan dhata sing diklumpukake gumantung marang subyek sing ditemtokake banjur nggayutake anane dhata kang diklumpukake yaiku kanthi cara nggunakake sumber dhata kang wis katulis sajrone kapustakan. Teknik ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten yaiku teknik maca, nyathet, lan studi pustaka. Teknik studi pustaka minangka teknik ngumpulake dhata kanthi nggunakake sumber dhata kang katulis utawa kapustakan,. Anggone nggunakake teknik pustaka kanthi tujuwan kanggo ngumpulake dhata lan nggoleki dhata sajrone novel

kanthi irah-irahan *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja lan buku-buku sumber kang nduweni sesambungan karo teori psikoanalisis sing kaandharake dening Sigmund Freud mligind ngenani ngenani struktur kapribaden, problem kajiwane paraga lan masalah-masalah diadhepi dening para paragane.

Beda maneh karo sing diandharake dening Endraswara (2003,162-163) yen tatacara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata iku kaperang dadi telu yaiku nemtokake unit analisis, nemtokake dhata lan nyathet dhata. Tata cara teknik studi pustaka kang ditindakake ing panliten iki yaiku sing pisan maca lan mangerteni isi novel kanthi irah-irahan *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja. Kaping pindho nemtokake perkara-perkara kang bakal diteliti sing salaras karo isine novel kanthi irah-irahan *Mendhung* anggitane Yes Ismie Suryaatmadja. Kaping telune ngumpulake dhata sing sesambungan karo objek lan perkara-perkara kang bakal diteliti banjur dianalisis siji baka siji supaya luwih gamblang.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Bab iki bakal ngrembug ngenani andharan lan asiling panliten. Bab iki mujudake punjer kang ana sajroneng panliten miturut telung sub bab yaiku struktur kapribadene paraga wanita, tumindak slenca kang dilakoni dening paraga wanita lan sesambungan antarane tumindak slenca paraga siji lan sijine. Sajrone novel *Mendhung* anggitane Yes ismie Suryaatmadja kanthi nggunakake teori psikologi kapribaden Sigmund Freud.

Struktur Kapribadhen Paraga

Freud ngandharake tegese *id*, *ego* lan *superego* sajrone panlitene ing taun 1834. *Id* yaiku kumpulan naluri-naluri kang ana ing alam *bawah* sadhare manungsa. *Ego* lan *superego* manggon ing alam sadhare manungsa. Sajrone mawasi sistem kapribadhen manungsa, Freud nggolongake telung sistem kapribadhen iki minangka aspek psikologis kajiwan. Suryadarma (2000:145) ngandharake yen telung aspek kasebut nduweni guna, sipat, komponen, prinsip kerja, lan dinamika dhewe-dhewe, sing sipate nuntut pamikire manungsa. nanging katelune nduweni gayutan lan angel dipisahake karana nduweni pangaribawa matang tumindake manungsa ing bebrayan. Tumindake manungsa mujudake asil saka pakaryan saka telung aspek kang diandharake dening Freud kasebut.

Struktur Kapribdhen Paraga

Rani

a. Id

Id minangka komponen kapribadhene manungsa kang paling dhasar, sing digawa wiwit saka lair (Koeaswara, 1991:32). System kapribadhen kasebut minangka salah sawijine perangan kang wigati sing nduweni cirri kang peka banget tumrap apa kang dikarepake utawa kang dipengini. *Id* kang ana ing alam pamikiri Rani ana ing pethikan ngisor iki:

“Mas Carik Seneng karo kang Basiran. Mula saka kuwi rumaten randhane kanthi apik. Mosok awake dhewe bakal kaya ngene terus. Sampeyan seneng dosa, Mas, saupama crita iki ora mbok terusake.”
(Mendhung, kaca 6/2014)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Rani njaluk menyang Jasmin supaya enggal dirabi. Nanging ing kene posisine Jasmin isih duwe bojo yaiku Warsinah. Rani uga ngerti kepriye kahanan bale wismae Jasmin lan Warsinah. Wanita kasebut nuntut supaya si carik enggal ngrabi dheweke. Bisa dimangerteni yen *Id* kang diduweni dening paraga wanita iki ora bisa dicegah amarga saka pethikan kasebut ketara banget yen dheweke kandha supaya carik gelem ngrumat randhane Basiran. Ateges kanthi cara omongan mangkono iki Rani njaluk supaya Jasmin bisa enggal ngrabi dheweke. Ing kene paraga priya isih ewu aya merga dheweke isih miangka wong lanang sing nduweni bojo. Saka pepenginanane Rani mangun bale wisma kalawan priya pepujane kasebut mula anggane cecaturan nuwuhake bab sing ora kepenak. Cecaturan kang kebak engkel-engkelan antarane Rani lan Carik Jasmin ana ing pethikan ngisor iki:

“Dadi Mas carik saktene ora kepingin saupama awake dhewe iki malih?”

“Ora Ngonon Rani. Mung aku saiki iki isih mikir-mikir.”

“Mikir apa maneh. Mikir arep mukir?” (Mendhung, kaca 7/2014)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Rani kepingin banget sesambungan antarane dheweke lan Jasmin bisa luwih serius maneh ateges bisa mangun balih somah. Nanging ing kene Jasmin isih mamang lan ragu arep nindakake pepenginanane wanitane. *Id* minangka pepanginan kang sipate mung golek upaya murih dheweke bisa nyukupi kabutuhan kamanungsane. *Id* kuwi sumber primer saka energy rohaniah lan panggonan kanggo ngumpulake naluri-naluri. *Id* ora diprentah dening logika mula dheweke ora nduwe akhlak. Mula ing pethikan iki cetha yen

pepenginan kang diduweni dening Rani kasebut mujudake napsu lan kasenengane dhewe kang kudu dituruti. Ananging ing kene paraga Jasmin isih duwe sesambungan karo bojone yaiku Warsinah.

b. Ego

Ego utawa *Das Ich* yaiku aspek psikologis kapribadhene manungsa kang tuwuh karana kabutuhan sing ana gegayutane kalawan kasunyatan (realita). *Ego* yaiku *davirat id* kang nduweni tugas minangka perantara kabutuhan insting utawa pamikir marang kahanan sakupenge kanggo nggoleki objek kang tepak guna nenangake katagangan kang tuwuh saka dhiri pribadhine manungsa. *Ego* nggunakake energy psikis kang dikuasai kanggo nyekel telung aspek kapribadhen manungsa, supaya tuwuh keselarasan batin kang digambarake sajrone wujud tumindak sing kalebu *pathologis* lan *abnormal*.

Panggonane *ego* ana ing sajrone alam sadhar lan ora sadhar pamikire manungsa. anane *ego* kang disandhang dening paraga sajrone novel Mendhung mligine paraga Rani nuduhake yen kekarepa, kasenangan lan pepenginan kudu ditindakake dening *ego*. Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani pethikan *ego* saka paraga wanita Rani sajrone novel Mendhung.

“Sing tak gumuni kuwi rak Rani.

Dheke iki pa ya ora mikir ta nek jane ngono Carik ki wis nde bojo barang?”

“Mikire Rani rak ya mung tiwas kebeneran ngono ae. Ing atase dheweke wis suwe dadi randha lan ngrasa kesepen. Mesthine tekane Carik Jasmin ya ditampa kanthi seneng ati. Apa maneh Rani dhewe mesthi ngerti, menawa Carik lagi bentheth karo Warsinah. Kahanan kaya ngono mula dianggep kaya dene sawijining kalodhangan kang becik kanggo Rani.” (Mendhung, 2014/67)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa *ego* kang diduweni dening Rani awujud sesambungane dheweke lan carik Jasmin. Saka dialog ing ndhuwur cetha yen nggambarake sipate paraga wanita sing mentingake kekarepane dhewe tinimbang wong liya. Masiya ta kahanan bale wisma antarane carik lan Warsinah lagi bentheth yen dheweke wanita sing nduweni rasa waspada lan *tau diri* ora bakal kaya mangkono. *Ego* nggayutake manungsa lan kasunyatan lumantar alam sadhar kang dadi papan panggonane. Freud (2009:317) ngandharake yen sajrone *ego* ana kekuwatan kang ora bisa leren olehe ngritik lan mbandhingake kahanan ing sakupenge.

c. Superego

Kompoen pungkasan kanggo ngembangake kapribadhen yaiku superego. Superego yaiku aspek kapribadhen kang nampung sakabehe *standar internalisasi* moral lan pepenginan sing diduweni dening awake dhewe, banjur menahi pedhoman supaya bisa nggawe pambiji. Ing tembung liya superego bisa ditegesi minangka moral utawa hokum saka kapribadhen manungsa. *Superego* minangka sistem kapribadhen kang nduweni nilai-nilai lan aturan-aturan sing asipat *evaluative* (Koeswara, 91:34). Superego uga bisa diarani *kontrol sisial* kang ngontrol anane *id* lan *ego* sing ana ing dhirine manungsa. *Superego* nduweni jejibahan dadi wakil saka aspek-aspek moral sajrone kapribadhen lan dikendhalekake dening prinsip-prinsip moralitas (Feist, 2010:34).

Ing pethikan ngisor iki bakal diandharake luwih gamblang ngenani aktivitas superego kang dialami dening paraga Rani:

“Nanging, saka rasa atine marang wong lanang kang ditresnani kuwi. Rani cukup ngati-ati ing bab ngomong-sakomong. Kabeh kuwi mung kanggo njaga supaya katresnan kang wis subur ngrembuyung kuwi tetep pengkuh lan ora nganti ambyar. Dheweke njaga supaya apa kang diomongake ora nggawe kuciwane Carik Jasmin” (Mendhung, 2014/71).

Pethikan ing ndhuwur nggambarake *superego* kang diduweni dening Rani. Ing kene wis cetha menawa dheweke anggane bab ngomong-saomong tansah ngati-ati sebab dheweke uga njaga perasaan Jasmin supaya ora nglarani ati pepujane kuwi. Superego kabentuk saka proses *internalisasi* kang muncul saka awake dhewe. Proses kasebut minangka rasa apresiasi saka samubarang kang dialami utawa diduweni. Superego uga minangka sistem kapribadhen kang uwal saka ektivitas ego. Dheweke langkung tumindak kritis marang *id* lan *ego*. Manungsa sing kalebu *human society* ora bisa uwal saka bebrayan. Tumindak-mtumindak kang dilakoni ing padinan ora uwal saka aktifitas sistem kapribadhen kalebu *superego*.

Warsinah

a. Id

Warsinah minangka paraga wanita sing dadi bojone Jasmin ing kene digambarake nduweni sipat sing suwalike klawan Rani. Warsinah ing kene wong wadon

sing brangasan, wani tur tindak tuture kasar apa maneh marang sisihane. Warsinah uga nduweni slingkuhan sing jenenge mandor Yoto. Dheweke tansah tumindak sakepenake lan seneng-seneng karo priya liya. Sejatine kabeh paraga ing kene padha nggugu papenginane utawa kasenengane dhewe-dhewe. Tumindak slingkuh apa sing dadi kekeparepan atine tanpa mikir anane pangaribawa kang ana ing sakupenge. Kepriye gegambaran sipate Warsinah bisa dideleng ana pethikan ing ngisor iki.

“Pegaten ae aku kang. Ben uripmu mengko tansah ora kebeken letheke. Ben uripmu tansah kebak rasa tentrem.” (Mendhung, 2014/24).

Pethikan kasebut nuduhake yen *id* utawa kekeparepan kang diduweni dening Warsinah yaiku njaluk pegat dening sisihane. Samubarang kang dadi pepenginane *id* ora bisa dipenggak dening apa wae. Amarga sipate *id* sing amung nggolek upaya amrih dheweke bisa nyukupi kabutuhan kamanungsane kayata kasenangan lan dikendhalekake dening nfsu. *Id* kang disandhang dening paraga Warsinah sajrone novel Mendhung yaiku pepenginane pegatan karo Jasmin amrih dheweke bisa urip bagya mulya karo mandhor perhutani slingkluhane.

b. Ego

Ego nyupayakake cukupe pepenginan lan nepsu kang tuwuh saka *id* bisa katurutan. Dheweke nduweni fungsi kanggo nyukupi sakabehe kabutuhane manungsa adhedhasar kahanan kasunyatan. (Zaviera, 2008:94). Gegambarane *ego* ing kene bisa dideleng saka cuplikan ngenani oaraga Warsinah. Dheweke minangka paraga wanita sing nduweni *ego* kuwat banget. Iki bisa dideleng saka tumindake ing padinan. Dheweke minangka wong wadon jejere dadi bojone carik Jasmin tansah ora tau ngrewes sing lanang lan anak-anake. Kaya ngapa kang ditindakake dening Warsinah luwih cethane bisa dideleng ana ing Pethikan ngisor iki.

“Warsinah ora tau nggatekake bab bojone, wong lanang kang saktene kudu dibekteni lair batin. Warsinah uga ora tau nggatekake piye nasibe anak-anake. Saiki-iki kaya-kaya Carik Jasmin wis diungkurake. Warsinah ora ngerti jejere urip dadi wong wadon. Butuhe mung meneng, lan sakabehing pepenginan bisa keturutan. Titik!” (Mendhung, 2014/27).

Pethikan ing ndhuwur nusuhake yen Warsinah iku nduweni *ego* kang gedhi.

Dheweke ora nggatekake bojone lan anak-anake. Jejere dadi wong wadon kudune bisa dadi panutan lan tuladha kanggo anak lan bojone, nanging ora tumrapping paraga wanita iki. Dheweke tansah tumindak sasene lan kabeh kekeparepan bisa diwujudake. Saka tumindake sing uga njalari bale wismane lan Jasmin saya ambyar, merga dheweke ora bisa tunduk lan kurmat marang sisihane kuwi.

c. Superego

Superego uga mujudake perangan sistem kapribadhen kang isine pranatan sing asipat evaluative ngenanti moral lan etika. Dheweke luwih mentingake anane kasampurnan tinimbang kasenangan. Panggonane *superego* yaiku ing alam ora sadhara manungsa ing ngendi tumindake nyoba nggayutake pepenginan saka ati lan kasunyatan ing ndonya. Kaya sipat kang diduweni dening Warsinah ing crita iki, senajan nduweni *ego* kang gedhi nanging dheweke isih nduweni *superego* kang tuwuh saja pangrasane. Sebab sistem kapribadhen kasebut bisa tuwuh karana pribadhen nduweni rasa welas, asih tur sungkan menawa dheweke nindakake bab kang ora trep sing ana ing masyarakat. Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani struktur kapribadhen *superego* paraga Warsinah sajrone novel Mendhung anggitane Yes Ismiesuryaatmadja.

“Wis wayahe pancen menawa Carik Jasmin dadi sisihanmu. Aku wis ngerti hubunganmu karo dheweke wiwit dhisik. Aku ora bakal nggandholi, Rani, jer Carik Jasmin saiki pancen dudu duweke sapa-sapa. Najan aku merlokake saiki saupamane. Kowe uga durung duwe hak apa-apa. Carik Jasmin isih bebas. Carik Jasmin isih mujudake barang kang dadi buron. Sejatine aku iki mesake karo Mas Carik, aku krasa yen awaku ing kene uga salah, Ni. Nanging kabeh wis kedadeyan, aku lan Mas Carik wis ora bakal bisa mangun bale wisma kang wis ambyuk iki. Ayo, nek mlebu, Ni. Mlebu.” (Mendhung, 2014/33).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen sejatine Warsinah isih duwe rasa welas marang tilas sisihane. Cetha saka dialog ing ndhuwur yen dheweke asline mesake marang carik Jasmin lan uga rumangsa yen ing kedadeyan iki dheweke uga salah. Merga ajure bale wisma antarane dheweke lan carik ora liya uga karana tumindake sing ora bener saka sakabehe. Nalika carik

slingkuh dheweke uga slingkuh karo mandhor perhutani, lan njalari saben dina padu tur padha nyalahke siji lan sijine. Kekuwatane *ego* kang ana ing pribadhi siji lan sijine padha-padha ora bisa dicegah. Cetha saka andharan-andharan ing sadurunge yen dheweke lan Jasmin nduweni tumindak kang ora becik sing njalari bubahe baleh wisma.

Carik Jasmin

a. Id

Id ngandhut naluri-naluri saka awake dhewe banjur tuwuh rasa pepenginan kanggo nyukupi kabutuhan kasebut. Alwisol (2012:14-15) ngandharake yen *id* minangka perangan kapribadhen sing cara kerjane adhedhasar prinsip kasenangan saka njero ati. Dene miturut Freud dhewe *id* mujudake sumber energy primer rohaniah lan ora diprentah dening logika. Saka andharan kasebut bakal digayutake karo pethikan-pethikan kang ngandhut *id* saka paraga priya yaiku Carik Jasmin. Dheweke minangka paraga utama priya kang nindakake slingkuh merga rasa tresnane marang wong wadon saliyane sisihane. Anggone nyukupi kasengane dheweke nindakake kanthi cara nduweni sesambungan tresna karo wanita sing jenenge Rani. Sarujuk karo andharan kasebut bisa dideleng ana pethikan ing ngisor iki:

“Ngene, lho, Ni...” banjur unjal ambegan maneh, “ngene, lho, jane ngono Warsinah ki wis arep tak pegat. Kowe piye?”

“Mbokmenawa wae bakal kaleksanan apa-apa sing mbokgadhang-gadhang sadurunge iki. Aku lan kowe bakal urip bebarengan, Rani.” (Mendhung, 2014/29).

Pethikan ing ndhuwur ngandharake *id* kang dialami dening Carik Jasmin. Saka dialog kasebut dheweke nduweni karep yen bakal megat Warsinah. Mula saka iku dheweke kandha menyang slingkuhane lan njalari atine wong wadon kuwi krasa seneng sebab ora suwe dheweke bakal klakon omah-omah karo Rani. Kekeparepan carik mujudake naluri impulsu utawa dhorongan kanggo nyukupi kasengane. Dideleng saka pethikan kasebut bisa diweruhi yen *id* kang disandhang mangaribawani kekeparepan liyan. Rasa pepenginan megat sisihane njalari wanita simpenane carik tuwuh rasa bungah tur bombing. Ing kene uda bisa dingerteni apa kang bakal katindakake Jasmin ora mikir pangaribawane tumrap kulawargane. Kang ana ing pikirane amung bisa nuruti kekeparepan *id*.

b. Ego

Ego minangka pimpinan kang utama sajrone kapribadhen. Bab kasebut digambarake kaya dene pimpinan ing perusahaan sing wis menahi kaputusan tumrap perusahaanane (Minderop, 2013:22). Prinsip kasunyatan kang katindakake dening *ego* ditindakake kanthi cara sekunder. Proses iki nduweni teges yaiku tuwuhe pikiran kang asipat realistik kanggo nyusun rancangan lan nguji rancangan kasebut kanggo mujudake apa kang wis dikarepake dening pikiran manungsa. *Ego* nduweni fungsi minangka panengah antarane tuntutan naluri lan larangan saka *superego*. Kaya pethikan ing ngisor iki mujudake *ego* kang diduweni dening paraga carik Jasmin sajrone novel Mendhung.

“Tinimbang melu dheweke ora kopen mula bocah-bocah pancen luwih apik melu budhene. Angger ora melu biyunge wae. Menawa melu Warsinah atine pancen ora lila. Kuwatire mung suji, nek Warsinah bakal ora merdhulekake marang anak-anake, ing mbesuke bocah-bocah njur bakal dadi apa? Mula dheweke masrahake Narti lan Pur marang budhene.” (Mendhung, 2014/62)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake *ego* kang diduweni dening carik Jasmin. Cetha saka dialog kasebut menawa dheweke luwih masrahake anak-anake marang budhene ketimbang melu Warsinah. Sebab sing dikuwatiri dening priya iki yaiku yen anak-anake tansah ora kopen karena Warsinah wis babar pisan ore perdhuli marang anak-anake lan tansah seneng-seneng sakarepe dhewe. Mula saka iku rasa kuwatir kang dialami dening Jasmin ndadekake dhudha kuwi nemtokake kaputusan yaiku luwih becik masrahake Pur lan Narti marang mbakyune ipe. *Ego* kang katindakake dening carik mujudake tuntutan naluri ing ngendi dheweke nduweni gambaran ngenani uripe anak-anake kang bakal sangsara.

Konflik Batin Paraga Sajrone Tumindak Slingkuh Rani

Rani mujudake paraga wanita sing nduweni dhapak dadi slingkuhane Carik Jasmin. Saka novel iki digambarake saperangan ngenani problem kajiwan kang dialami dening para paragane. Mligine Rani sing nandang lara merga sesambungane karo priya pepujane kepeksa dipunggel karena ora oleh pangestu dening wong tuwane Carik Jasmin. Mula kasedhihan, suwung, kuwatir tur kuciwa dialami dening paraga wanita iki. Supaya luwih cetha ing ngisor iki bakal diandharake

ngenani pethikan problem kajiwan sedhik kang dialami dening paraga Rani

“Aja kliru tanpa, Ndhuk. Aku mung omong sakbenere. Menawa pancen kaya ngono kahanan kang sakbenere banjur aku kudu piye, Ngger? Aku mung jinejer dadi wong wadon. Pepindhane arep jangkah amba wis keselak kesrimpet tapih. Arep tekan ngendi nek aku arep sesumbar menawa bapake Carik wis ngumbar swara kepengin ngalap mantu kang luwih dhuwur drajate. Karepe, ing atase mbuwang Warsinah kudune ya kudu isa golek maneh sing luwih apik.” Rani dadi mingseg-mingseg. Uwis cetha saiki, uwis cetha wela-wela menawa sakehing gegebengan atine bakal ambyar ora dadi. Eluhe terus ketes. (Mendhung, 2014/95).

Pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni kepriye sedhihe Rani nalika simboke carik Jasmin kandha menawa sesambungan tresnane ora disetujoni dening bapake. Kepriye larane atine ora bisa kumecap apa-apa saliyane mung mingseg-mingsek lan nyoba ngempet tangise ing sanalika. Omongan saka wong tuwane carik sing kaya mangkono nyebabake paraga wanita nandang kasedhihan kang jeru banget. Ing kene bisa dimangerteni yen kasedhihan kang dialami dening Rani minangka wujud saka konflik eksternal antarane dheweke lan wong tuwane carik. Saka konflik iki banjur tuwuh konflik batin kang dialami dening dheweke saengga njalari tuwuhe kasedhihan.

Warsinah

Warsinah minangka paraga wanita sing dadi sisihane carik Jasmin sajrone novel iki. Dheweke uga tumindak slingkuh karo priya remenane sing jenenge Yoto. Saka kahanan bale wisma antarane dheweke lan carik sing tansah akeh perkara lan ora ana kabagyan mula njalari tuwuhe rasa sedhik kang dialami dening Warsinah. Supaya luwih cetha ing ngisor iki bakal diandharake ngenani pethikan problem kajiwan sedhik kang dialami dening paraga Warsinah.

“Ing nalika kowe ngluyur semono suwene kuwi apa kowe babar pisan ora kelingan marang anak-anakmu? Apa ora kelingan anak-anakmu padha

nangis keluwen? Teka kangeten kowe neng rangkulane mandhor Yoto?" warsinah nangis ngguguk. "Pegaten ae aku, Kang. Ben uripmu tansah ora kebeken letheke. Ben uripmu tansah kebak rasa tentrem." Warsinah isih terus sesenggrukan. (Mendhung, 2014/24).

Pethikan dhialog antarane carik Jasmin lan Warsinah ing ndhuwur nuduhake yen dheweke sedhik banjur nangis karena sisihane kasebut nesu. Kang njalari carik saya nesu marang bojone kuwi yaiku tumindake lan sikap sing saya sapenake dhewe lan lali marang anake. Warsinah minangka paraga sing kakeyan ngluyur lan ninggalake anak-anake nganti ora kopen. Saka tumindake kasebut nduweni pangaribawa marang anake sakloron. Pancen dheweke ora mikirake bab iki, kang ana ing pikirane yaiku mung bisa seneng-seneng karo mandhor Yoto. Diseneni carik Jasmin kaya mangkono dheweke krasa yen tumindake iku salah banjur nelangsa. Warsinah sedhik nyawang kahanan bale wismane kang saya peteng kaya mangkono. Rasa sedhik kang dialami dening Warsinah ing kene mujudake konflik batin kang dijalari saka rerenggan sesambungane karo carik Jasmin.

Carik Jasmin

Carik Jasmin minangka paraga utama priya sajrone novel Mendhung. Ing kene tumindake kang slenca yaiku slengkuh njalari tuwuhe maneka keadeyan lan konflik kang ngrenggani carita. Saka tumindake kang slenca kasebut dheweke uga nandang konflik batin kang maneka warna. Saka konflik batin kasebut tuwuh tumindak liya lan njalari anane pangaribawa tumrap kahanan sakupenge. Supaya luwih cetha ing ngisor iki bakal diandharake ngenani pethikan konflik batin bingung kang dialami dening paraga Carik Jasmin.

"Mas Carik seneng karo Kang Basiran. Mula saka kuwi rumaten randhane kanthi apik. Mosok awake dhewe bakal kaya ngene terus? Sampeyan seneng dosa, Mas, saupama crita iki ora mbokterusake."

Carik Jasmin meneng, mikir-mikir. Rada ewuh dheweke arep mangsuli pitakonan kuwi. Kamangka cetha, lan dheweke dhewe ngrumangsani menawa

kabeh kuwi uga wis kedadeyan. Dheweke rumangsa aman yen ana ing rangkulane Rani. Carik Jasmin rumangsa tentrem menawa tansah ana sandhinge Rani. Yagene saiki dheweke gojak-gajak bingung? Apa sing kudu dibingungake?" (Mendhung, 2014/7).

Pethikan ing ndhuwur mujudake dhialog antarane Rani lan Carik Jasmin. Bisa dimangerteni saka pethikan kasebut menawa Rani wis menahi wangsulan supaya Jasmin bisa nggawa sesambungan tresnane ing bab kang luwih wigati yaiku mangun bale wisma. Saka omonge Rani kasebut njalari dheweke tuwuh rasa bingung, merga nalika kuwi dheweke isih dadi sisihane Warsinah. cetha menawa sing njalari carik bingung yaiku isih ana sesambungan karo Warsinah. Lan maneh dheweke uga bingung kepriye ngomong bab iki marang wong tuwane. Pikiran kang kaya mangkene iki sing njalari carik tansah kebak pikiran banjur nyebabake anane konflik batin. Rasa bingung kang dialami dening paraga priya ing novel iki mujudake reaksi saka kahanan ing sakupenge kang ora salaras marang apa sing dikarepake. Mula pikiran kang kaya dialami carik ana crita iki banjur nuwuhake masalah kang diempet sajrone atine.

Gegambaran Wewatekane Paraga Rani

Paraga Rani sajrone novel iki digambarake minangka wong wadon kang nduweni rasa tresna lan sayang sing gedhi banget marang Carik Jasmin lan nduweni sipat asih. Karena Rani tansah ana ing dina-dinane Carik Jasmin kang kebak masalah, mula njalari priya kasebut rumangsa adhem lan tentrem nalika ana Rani ing sandhinge. Luwih jlentrehe ing ngisor iki bakal diandharake ngenani gegambaran wewatekane paraga Rani yaiku penyayang.

"Mas Carik, lara lapa lelakoning urp bakal tansah tak lakoni, Mas. Karena uripku iki wis tak pasrahake marang Mas Carik."

Rani nyedhakake sirahe ing dhadhane Carik Jasmin kang jembar. Atine isih tetep ngondhok-ondhok. Nanging apa hiya sakabehing pepenginan kuwi enggal-enggal bakal kaleksanan? Saiba bungahe ati iki saupama kabeh

kuwi enggal-enggal kedadeyan. Saben dina tansah wong loro akaronsih. Rasa tresnane Rani marang pepujane ati yaiku Carik Jasmin tansah ngrembuyung kaya kembang kang mekar. (Mendhung, 2014/31).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Rani iku nduweni sipat utawa watak kang penyayang. Rani nduweni rasa tresna lan sayang kang gedhi marang Carik Jasmin. Senajan tumindake iki slenca yaiku dadi slingkuhane Carik Jasmin nanging tresna asihe tansah tulus marang priya kasebut. sesambungan antarane Rani lan Carik Jasmin tansah tuwuh lan ngrembaka karena kalorone padha-padha abot lan tresna. Rasa sayange Rani ngalahi Warsinah minangka sisihane Carik Jasmin dhewe. Iki uga kang njalari Carik Jasmin luwih tentrem nalika ana ing sandhinge Rani. Gegambaran wewatakane paraga sajrone novel Mendhung mujudake sawijine perangan kang turut ngrenggani maneka kedadeyan sajrone crita. Saka wewatekane paraga paraga iki mula bisa nuwuhake konflik lan njalari tuwuhe masalah-masalah batin uga problem kajiwan. Kaya paraga Rani iki misale, dheweke saking sayange marang Carik Jasmin mula nalika katresnane kepeksa kudu dipedhot dheweke nandang kuciwa lan lara ati kang bangete. Konflik-konflik kang ana sajrone crita njalari pamaca bisa menehi pambiji dhewe tumrap karya sastra kasebut.

Warsinah

Warsinah kalebu paraga kang nduweni wewatekan mbangkang saengga bisa tumindak sapenake dhewe tanpa nggatekake kulawargane. Luwih jlentrehe ing ngisor iki bakal diandharake ngenani gegambaran wewatekane paraga Warsinah yaiku mbangkang.

“Karepmu ki piye ta, War?”

pitakone Carik Jasmin ing sawijining wektu.

“Karepku ki ya ngene iki kok, kaget.”

“Kaget, ya ora.”

Carik Jasmin lendheyan kursi. Panyawange kedhep tesmak. Ndengaren, teka Warsinah bisa alus ngono guneme. Biasane tansah adol ulat mbesengut, mangkelne ati. (Mendhung, 2014/59)

Pethikan dhalog antarane Carik Jasmin lan Warsinah ing ndhuwur nuduhake sikepe Warsinah kang mbangkang lan tuturane sing ora nduweni unggah ungguh. Carik Jasmin kang nanggepi Warsinah kanthi ulat biyasa wae. Warsinah pancen wanita kang mbangkang tur ora bisa ngregani Carik Jasmin nalika

isih dadi sisihane. Sikepe warsinah kang nggugu kekarepane dhewe ndadekake Carik Jasmin jengkel tur mangkel marang wanita kasebut. Tumindake warsinah kang ora tau nggatekake anak-anake lan ora tau saba omah njalari kahanan bale wismane saya bubrah lan anak-anake tansah ora digatekake. Sikepe warsinah kang kaya mangkene iki uga kang njalari tuwuhe konflik.

Carik Jasmin

Carik Jasmin kalebu araga utama priya kang uga nindalale slingkuh lan njalari bale wismae bubrah. Ananging ing bab liya dheweke uga nduweni wewatekan utawa sipat kang becik yaiku ngabekti marang wong tuwa. Iki kabukti yen dheweke lila medhot katresnane karo Rani wanita kang tansah dirtisnane karena nuruti kekarepane wong tuwane sing ora setuju menawa dheweke nduweni sesambungan kro Rani. Supaya luwih gamblang ing ngisor iki bakal diandharake ngenani gegambaran wewatekane paraga Carik Jasmin yaiku ngabekti.

“Piye-piye wae kowe kudu isa ngudhari benang kang naleni awakmu. Rani kudu ucul lan kowe bebas maneh.”

Carik Jasmin mbanting awake ing amben. Kekarepane ambyar. Kabeh, gegebengan kang sakawit bakal urip bebarengan karo Rani dadi ambyar krana pepalange wong tuwane. Rembug kang babarpisan cengkah karo karepe ati saktermen. Nanging dheweke kudu nuruti karepe wong tuwane. (Mendhung, 2014/77).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika bapake Carik Jasmin kandha menawa anake kasebut kudu bisa medhot katresnane Rani. Kekarepane wong tuwane kang kaya mangkono ora bisa nggae Carik Jasmin tumindak apa-apa. Dheweke kepeksa kudu nuruti kekarepane bapake kasebut. gegebengan kang bakal urip bebarengan karo Rani dadi ambyar karena pepalange wong tuwane. Cetha bab iki njalari cuwa kan kuciwane atine Carik Jasmin. Dheweke mbelani megat Warsinah supaya bisa urip bebarengan karo Rani nanging malah ora dipangestune karo wong tuwane. Piye piye maneh Carik Jasmin isih mikir yen dheweke ora bakal nentang kaputusanane bapake, senajan kudu nglilakna Rani nyingkrih saka sisihe. Kaputusan kang dipilih dening Carik Jasmin kasebut minangka wujud

sembah bektine marang wong tuwane senajan ing atine krasa kuciwa lan nandang lara.

Pangaribawa Kajiwan Saka Tumindak Slingkuh

Rasa Sedhik lan Kuwatir Anak

Tumindak slingkuh para paraga sajrone novel Mendhung ing kene ora uwal saka kapribadhene paraga kang njalari tuwuhe konflik lan konflik batin. Konflik-konflik sing dialami paraga sajrone crita iki nuwuhake pangaribawa kang maneka warna marang kahanan sakupenge. Salah sijine pangaribawa kajiwan saka tumindak slingkuh kasebut yaiku rasa sedhik lan rasa cemas utawa was-awas kang dialami dening anak amarga ora dogatekake dening wong tuwane. Ing novel iki kacritakake paraga Carik Jasmin lan Warsinah anggane bebrayan nduweni anak loro lanang wadon sing jenenge Pur lan Narti. Banjur Rani, randha iki nduweni anak siji lanang sing jenenge Sagi. Karana slingkuh kang ditindakake dening wong tuwane lan nuwuhake problem kajiwan paraga kasebut mila anak-anake iki ora kopen lan diterlantarke. Supaya bisa mangerteni luwih cetha ing ngisor iki bakal diandharake pethikan saka novel Mendhung kasebut.

“Kowe pa turu neng nggone Mbah Yut?” pitakone. Anake manthuk.

“Lha Narti?”

“Yu Nar neng nggone mbahe dadi ora turu neng nggone Mbah Yut.”

“Mbokmu neng ngendi, kok, dha ora turu neng ngomah?” Suwe, anake lanang kuwi ora wangsulan.

“Dhek bengi enek dhayoh, kok, Pak. Nggawa sepedhah montor. Wonge endhek lemu kulite semu ireng. Wis bolak-balik, ki, Pak, neng neng nggone dhewe. Nanging aku lali mbuh sapa jenenge...” (Mendhung, 2014/10).

Pethikan dhialog ing ndhuwur nuduhake yen Pur lan Narti yaiku anak-anake Carik Jasmin karo Warsinah ora turu ana omahe dhewe merga ditinggal biyunge. Anak-anake sakloron padha turu ana ing omahe simbahe merga ing omahe ijenan tur ora ana kang ngancani. Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni menawa anake sakloron ora digatekake dening Warsinah. wong wadon kasebut malah ngluyur karo priya senengane tanpa merdhulekake kepriye nasibe anak-anake. Tumindake Warsinah kang kaya mangkene

iki njalari maratuwane lan Carik Jasmin saya ora seneng karo dheweke. Sebab kekarepane lan kasenengane kang kudu dituruti apenake tanpa nggatekake anak-anake ndadekake anake sakloron rumangsa kurang kasih sayang lan ora oleh kawigaten saka biyunge.

Rasa Isin Kang Disandhang Wong Tuwa

Kahanan bale wisma kang bubrah ing novel iki uga dicritakake anane peranan wong tuwa. Weruh carik lan Warsinah tumindak ora bener yaiku slingkuh nyebabake wong tuwane nandang isin. Rasa isin kang disandhang dening wong tuwane carik ing kene minangka problem kajiwan kang dijalari tumindake anake sing kalebu slingkuh kasebut. Wong tuwa minangka guru sing bisa menahi anak-anake tuladha lan piwulang kang becik. Ananging saka perkara slingkuh kang dialami dening Jamsin lan Warsinah sajrone crita iki njalari wong tuwane rumangsa ura guna lan salah oleh ndhidhik anake. Kepriye jlentrehe. Ing ngisor iki bakal diandharake siji mbaka siji ngenani pethikan kang ana sajrone novel *Mendhung*.

“Rik” Carik Jasmin mlengkap.

Wong tuwa wadon neng ngarepe kuwi dipandeng suwe.

“Aku iki mbokmu, Le. Mesthine rak ya ora bakal mentala saupama bakal ngloropne kowe. Apamaneh nyawang kahananmu sing ora karu-karuwan kaya saiki iki. Jenenge duwe bojo teka isih kedhungangan ngene. Jenenge duwe bojo teka kaya dhudha, anake ora kopen, awake dhewe saya dene. Saben dina tansah dadi rasanane tangga krana bojo sing mblarahe ora suda-suda.”

“Cukup Mbok!” Carik Jasmin menggehe-mengehe. Carik Jasmin menyat, dhadhane mengangah. Senajan dheweke kudu nesu nanging ana ing ngarepe wong tuwa kuwi mengangahe ati ditekak mandheg ana gulu. (Mendhung, 2014/16).

Pethikan ing ndhuwur mujudake dhialog anatarane Carik Jasmin lan wong tuwane wadon. Carik Jasmin lan wong tuwane padu karana simboke kang ora trima nyawang dheweke kang kalunta-lunta nasibe. Sejatine niyate wong tuwane carik iki mung welas tur

mesakake marang anake lanang, nanging jenenge wong tuwa yen wis kesel tur emosi mesthi bae ana tembung-tembunge kang kaya ora kepenak dirungokake. Krungu tetembungan kang diucapake dening mboke kang kaya mangkono njalari Carik Jasmin nesu lan kudu muntab. Ananging dheweke bisa menggak emosine kasebut karena kang ngomong ing sangarepe iku wong tuwane wadon kang nglairake dheweke.

Pethikan kasebut uga nuduhake yen simboke carik nduweni rasa isin karena tumindake anake. Dheweke nandang isin karena tangga teparo tan saya ngrasani. Saka tumindake carik kasebut njababake wong tuwane kena pangaribawane yaiku rasa isin. Iki mujudake dampak psikologis marang kahanan sakupenge saka tumindak slingkuh. Dialog kasebut nggambarake cekcok antarane wong tuwa lan anak. Simboke carik rumangsa isin mula nuturi dheweke ananging carik Jasmin ora mentala menawa srengan lan ngomong kasar marang wong tuwane kasebut.

Panutup

Dudutan

Panliten iki nлити ngenani novel kanthi irah-irahan “Mendhung” anggitane Yes Ismie Suryaatmadja. Ing novel iki nyritakake ngenani tumindak slenca kang dilakoni dening para paragane. tumindak slenca kang diandharake sajrone panliten iki yaiku ngenani slingkuhe paraga banjur nuwuhake konflik lan problem kajiwan para paragane. Saka tumindak slenca kasebut njalari tuwuhe problem kajiwan banjur saka problem kajiwan kasebut njalari pangaribawa kang dumadi tumrap kahanan sakupenge, tuladhane yaiku nelantarke anak. Sawise nindakake panliten iki bisa dimangerteni menawa crita sajrone novel iki luwih nengenake ngenani tumindak slenca lan problem kajiwan paraga-paragane. Sesambungan katresna kang slenca antarane paraga Warsinah, Carik Jasmin, Rani lan Mandhor Yoto njalari tuwuhe konflik bale wisma kang ruwet. Tumindak kang slenca iki jalaran para paragane tansah nggugu nefsune dhewe-dhewe ateges nduweni *ego* kang gedhi.

Novel iki nyritakake ngenani tumindak slenca kang dilakoni dening paragane yaiku tumindak slingkuh. Anane slingkuh antara para paragane njalari tuwuhe problem kajiwan kang beda-beda antaraning paraga siji lan sijine. Saka konflik bale wisma kang ruwet kasebut uga njalari tuwuhe pangaribawa psikologis tumrap para paragane. Gegambaran crita sajrone novel iki kababar kanthi runtut saengga para pamaos bisa nyambung lan mangerteni alure crita. Basa kang digunakake dening panggripta sajrone novel iki katon prasaja, mentes, lan cetha, saengga gampang dimangerteni dening pamaos.

Pamrayoga

Kanthe anane panliten ngenani sastra kaya iki, panliti nduweni pangajab amrih para bebrayan bisa nduweni kawigaten tumrap karya sastra mligine kasusastran Jawa, saengga gelem nyinaoni lan bisa mangerteni karya sastra kanthi tumemen. Saka panliten iki uga muga bisa dadi referensi marang panliten ing sabanjure lan bisa nduweni paedah tumrap pamaca. Panliten iki isih durung sampurna jalaran mung winates nлити sawijining novel kanthi tema psikologi kapribadhene paraga. Mugiya ing panliten sabanjure bisa nлити maneka karya sastra kang isih durung nate ditliti lan bisa luwih becik.

Karya sastra mligine kasusastran Jawa nduweni wujud kang maneka warna kaya dene ana novel. Novel-novel Jawa minangka karya sastra kotemporer kang rinipta adhedhasar kahanan ing jaman saiki. Mula saka iku anane novel-novel Jawa mesthi sisne ngandhut ngenani katresnan, pahlawan, perjuangan lan liya-liyane. Ing pungkasaning atur mugiya panliten iki bisa dadi acuwan kanggo panliten sabanjure supaya bisa linuwih lan migunani tumrap pamaos. Anane panliten iki uga dikarepake supaya bisa nuwuhake rasa tresnane bebrayan marang kasusastran mligine kasusastran Jawa kang kudu diuri-uri lan dilestarekake.

Kapustakan

- Adi, Ida Rochani. 2011. *Fiksi Populer Teori dan metode Kajian*. Yogyakarta: Pustaka pelajar.
- Alwisol. 2014. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM press.
- Dayakisni, Tri. 2006. *Psikologi Sosial*. Malang: Universitas Muhammadiyah Malang Press.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Peneletian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widayatama.
- Eriany, Prahereti. 2004. *Fenomena Perilaku Selingkuh dalam Perkawinan*. Jakarta: Erlangga.
- Feist, Jess dan Gregory J. 2009. *Teori Kepribadian Buku 1*. Jakarta: Salemba Humaniora.
- _____. *Teori Kepribadian Buku 2* Jakarta: Salemba Humaniora.
- Freud, Sigmund. 2009. *Pengantar Umum Psikoanalisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hardhana, Andre. 2004. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Kartono, Kartini. 1996. *Psikologi Umum*. Mandar Maju: Bandung.
- Koeswara, E. 1991. *Teori-Teori Kepribadian*. Bandung: PT. Eresco.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya.
- Suryatadmadja, Yes Ismie. 2014. *Mendhung*. Bojonegoro: Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro.

- Mahardika, Rahadian. 2001. *Konflik Batin Tokoh Utama Wanita dalam Novel Jendela-Jendela Karya Fira Basuko*. Skripsi. Surabaya: PBI FBS Unesa
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Rosdakarya.
- Muis, Saldun. 2009. *Kenali Kepribadian Anda dan Permasalahan dari Sudut Pandang Teosi Psikoanalisis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Nasir, Moh. 1988. *Metode Penelitian*. Jakarta: Galia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1994. *Beberapa Teori Sastra Metode Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Jendela.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Sastra dan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2010. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ratnasari, Dessy. 2011. *Tumindak Nyebal Paraga Utama Sajrone Cerbung Guwa Banger Anggitane Tiwiek SA Kanthi Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud*. Skripsi. Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Semiun, Yustinus. 2014. *Teori-Teori Kepribadian Psikoanalitik Kotemporer 2*. Yogyakarta: Penerbit Kanius.
- Suryabrata, Sumadi. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Yatim dan Purwanto. 2005. *Kepribadian, Keluarga dan Narkotika: Tinjauan Sosial-Psikologis*. Jakarta: Penerbit Arcan.

Lampiran

Sinopsis

Novel Mendhung iki mujudake riptaning Yes Ismie Suryaatmadja ing jagading kasusastran Jawa. Novel Mendhung iki maune awujud crita sambung kang nate kapacak ing kalawarti Jaya Baya, No. 35 tanggal 3 Mei 1981 nganti No. 5 tanggal 16 Agustus 1981.

Novel iki mbabar crita ngenani panguripan lan alam padesan. Lelakone Carik Jasmin sing rumah tanggane karo Warsinah ora harmonis, kekarone padha nggugu nafsune dhewe-dhewe. Jasmin slingkuh karo Rani, randha duwe anak siji, sedheng bojone slingkuh

karo Yoto, mandhor Perhutani. Kekarone padha-padha tumindak slenca, slingkuh sakarepe dhewe lan isih manggon dadi siji. Warsinah jejere dadi wong wadon sing isih duwe bojo ora bisa nepakake awake, dheweke tansah ngluyur lan seneng-seneng karo priya slingkuhane yaiku mandhor Yoto. Carik Jasmin uga mangkono, dheweke tansah kasmaran kalawan Rani lan njalari priya kasebut uga ora tau saba omah. Tumindake paraga loro iki nyebabake anak-anake loro kang isih cilik ora kopen lan ora oleh kawigaten saka wong tuwane. Pur lan Narti anak-anake Carik Jasmin lan Warsinah kang isih cilik dadi lalantar merga tumindake wong tuwane.

Rumah tanggane Jasmin lan Warsinah sida bubar pegatan nanging isih manggon saomah. Anane Jasmin pegatan karo Warsinah supaya dheweke bisa mangun rumah tangga lan urip bebarengan karo Rani slingkuhane mau. Dheweke wis mikir-mikir nindakake bab iki supaya katresnane lan Rani bisa memayu ing bale wisma lan urip bebarengan kanthi rasa tentrem. Ananging saka kene kekarone kasebut kudu bisa sirna amarga pepalange saka wong tuwane Carik Jasmin. Wong tuwane lanang ora setuju menawa Jasmin rabi karo Rani, sebab sing dikarepake dening bapake yaiku Jasmin bisa nggolek wong wadon gantine Warsinah sing luwih dhuwur drajate. Atages wong lanang tuwa iki kepengin yen nduweni mantu wadon sing luwih apik tinimbang mantune sing dhisik. Bapake Carik Jasmin ora seneng marang Rani, sebab dheweke nduweni pamikir yen randha sing duwe anak siji kasebut ora pantes sesandhingan karo anake lanang sing jejere dadi Carik ing desane. Dheweke kepengin yen Carik Jasmin bisa nggolek wanita sing drajate luwih dhuwur saka Rani lan Warsinah. Mula saka iku katresnan antarane Carik Jasmin lan Rani kepeksa kudu pedhot merga pepalange wong tuwa. Carik Jasmin tega medhot tali katresnane lan Rani karena dheweke isih ngaboti wong tuwane. Iki sing njalari Rani lara ati lan sedhah. Wong lanang kang banget ditresnane tega agawe tatu ing atine. Sesambungan tresna kang sasuwine iki rinajut kanthi rasa welas asih lan kabagyan kudu bisa dililakake karena pepalange wong tuwa. Ing pungkasane Carik Jasmin lan Rani katresnane pedhot ing sendhang nalika langite kebak mendhung.

Katresnan antarane Carik Jasmin lan Rani ing pungkasane ora bisa nyawiji. Karena pangestune wong tuwa kang ora ngijabahi. Lara ati, sedhah lan nelangsa cetha banget disandhang dening para paraga iki. Konflik balewisma kang dialami dening paragon saya muleg. Sesambungan antarane Carik Jasmin lan Rani saya adoh jalaran wong tuwane Jasmin kang ora seneng marang Rani. Warsinah kang uripe saya kalunta-lunta merga sesambungan karo Mandhor Yoto uga ora cetha. Ing

pungkasane Carik Jasmin lan Rani pedhot katresnane. Gegebengan urip bebarengan mangun bale wisma ora bisa kaleksanan merga anane pihak sing ora menehi pangestu yaiku wong tuwane Carik Jasmin.